# QARAQALPAQSTANNIŃ EKONOMİKALIQ RAWAJLANIWI (1946-1980)

Saypnazarova Gúlnaz
Berdaq atındaǵı QMU Tariyx qánigeligi
2-basqısh magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.13753784

**Annotatsiya:** Bul maqalada urıstan keyingi dáwirde Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq tárepten rawajlanıwı, awıl xojalıǵı, sanaat, qurılıs, baylanıs hám basqa da tarawlardıń qanday dárejede rawajlanǵanlıǵı kórsetip ótiledi.

**Tayanısh sózler:** ekonomika, sanaat, qurılıs, baylanıs, energetika.

Qaraqalpaqstandı 1946-jıldan baslap, yaǵnıy urıstan keyingi dáwirde ekonomikalıq tárepten rawajlandırıwda awıl xojalıǵın, sanaattı hám basqa tarawlardı rawajlandırıw úlken áhmiyetke iye boldı. Respublikanı rawajlandırıw awıl xojalıǵı tarawında paxta hám basqa da shiyki zatlardı tayarlaw wazıypalarına baylanıstırıldı. Qaraqalpaqstanda Shabbaz paxta tazalaw zavodın qayta qurıw, Qońırat, Shımbay, Xojeli paxta tazalaw zavodların keńeytiriw hám Qońırat, Shımbay, Xojeli may zavodlarınıń qurılısın tamamlaw rejelestirildi. Urıstan keyingi jıllarda may shıǵarıw, balıqshılıq hám paxta tazalaw tarawlarınıń rawajlanıwı kózge taslandı. Bunda ósimlik mayın islep shıǵarıw 1950-jılı 6,9 mıń tonna, balıq hám gósh konservaları 1950-jılı 10,6 million qutıǵa jetti. 1956-1958-jıllarda Beruniy paxta tazalaw zavodı, Xojeli gósh kombinatı hám Shabbaz may zavodları qurıldı. Olardı qurıwda birinshi ret quramalı temir-beton konstruksiyaları hám detalları qollanılıp baslandı. Qaraqalpaqstan balıq sanaatı 1956-jılı 23 tonna balıq tapsırdı. Jańa úskeneler menen támiynlengen Moynaq balıq konserva kombinatı 1959-jılı shártli qutı konserva tapsırdı. Al 1960-jılı balıq awlaw kólemi ulıwma Ózbekstanda awlanǵan balıqtıń 97,8 % in quradı. Balıq konservaların islep shıǵarıw kóbeydi. 1960-jılda Moynaq balıq konserva kombinatı eń kóp ónim 20,1 million balıq shártli qutı konserva islep shıǵardı. Moynaq balıq konserva kombinatınıń jıllıq quwatı 17,4 million boldı [3, 60]. Bunnan tısqarı Aral teńizi basseyninde ondatra xojalıǵı rawajlana basladı. Al 1957-jıldan baslap Qaraqalpaqstannıń Moynaq rayonında bahalı terisi bar haywanlardı baǵıp ósiretuǵın fermalar shólkemlestirildi. 1958-1960-jıllarda olar mámleketke bahalı ań terilerin tapsırıwdan 900 mıń manattan aslam payda alıwǵa eristi

1951-1955-jılları Xojeli gósh kombinatı, Xojeli gerbish zavodı, Beruniy paxta tazalaw zavodı hám Taqıyatasta bolsa ońlaw-mexanikalıq zavodları iske qosıldı. 1951-jılı quramında energopoezd hám ulıwma quwatı 1524 kilovattlıq turaqlı elektrostansiyası bar Taqıyatas energetikalıq xojalıǵı dúzildi hám Qaraqalpaqstanda házirgi zaman energetikalıq bazasın dúziwdiń tiykarı salındı.[4, 304] 1956-jılı Taxiyatas GRESiniń qurılısı baslanǵan edi. 1961-jılı 10-sentyabrde onıń birinshi gezegi iske qosıldı. Taxiyatas GRESiniń qurılısı Qaraqalpaqstandı elektrlestiriwde úlken áhmiyetke iye boldı. Qaraqalpaqstanda elektrlestiriwdiń tez pát penen rawajlanıwı qurılıs industriyası menen sanaat kárxanalarınıń ósiwine hám tabıslı islewine úlken imkaniyatlar jaratıp berdi. Bul arqalı respublikada burınnan islep kiyatırǵan paxta hám may zavodlarınıń eskirgen úskeneleri alıp taslanıp, olardıń ornına jańa úskeneler ornatıldı. Nátiyjede olardıń ónimliligi bir neshe ese arttı hám sapası joqarıladı. Tórtkúl, Ellikqala, Kegeyli hám Shomanay rayonlarında jańadan paxta zavodları qurıldı. Barlıq zavodlardıń injener-texnik kadrları óz jumısın jaqsı biletuǵın, bilimli, maman qánigeler menen támiynlendi, jumısshılardıń

nátiyjeli jumıs islewi ushın shárayatlar jaratıldı. [1, 271]. 1958-jıldan turaq jaylarda ham óndiris obektlerinde tábiyiy gazden paydalanıla baslandı. Usı jılı Respublikalıq “Qaraqalpaq Resgaz” tresti dúzildi. Urıstan keyingi jıllarda Qaraqalpaqstanda transport tarawı rawajlanıp, jańa jollar salındı. Xojeli-Nókis ham Nókis-Shımbay jolları asfaltlandı.

1950-jılǵa shekem-aq Nókis, Tashkent hám Moskva aralıǵında telefon baylanısı ornatılǵan edi. Bunnan keyingi jıllarda basqa qalalar menen telefon baylanısı dúzildi. Nókis qalası qalalar hám basqa aymaqlar menen telefon arqalı baylanıstı. Respublikadan shiyki zatlardı alıp ketiw, kerekli úskeneler, mashinalar ham basqa texnikalardı alıp keliwde qıyınshılıqlar bolǵanı ushın 1947-jılı Sharjaw-Qońırat temir jolın qurıw haqqında qarar qabıl etildi. Bul qarar tiykarında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan húkimeti tiyisli ilajlardı kórdi. 1952-jılı 23-iyunde Taxiyatasqa, 1952-jılı 15-iyulde Xojelige hám 1955-jılı 24-iyulde Qońıratqa birinshi poezd keldi. Xojeli-Qońırat temir jol liniyası 1956-jılı waqtınsha, al 1960-jılı oktyabrde tolıq paydalanıwǵa tapsırıldı [2, 242]. Sharjaw-Qońırat temir jolı bolsa Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń rawajlanıwı ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan.

Juwmaqlap aytqanda urıstan keyingi dáwirde awıl xojalıǵı, sanaat, qurılıs, temir jol, energetika hám basqa da tarawlarǵa itibar qaratılıwı Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń rawajlanıwına bir qansha úlesin qostı.

## References:

1. Kamalov Q. El xizmetinde. Nókis., «Qaraqalpaqstan». 1995.
2. Mambetullaev M., Turebekov M., Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis., «Qaraqalpaqstan». 2010.
3. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı: Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem. Nókis «Qaraqalpaqstan» 2003.
4. Qoshanov A.B. Qaraqalpaqstan tariyxnaması. (Eń jańa dáwir). Oqıw qollanba — Nókis., 2016.